

Patient Education

Enstriksyon pou egzemat pasyan ki gen COVID-19, timoun

You must carefully read the "Consumer Information Use and Disclaimer" below in order to understand and correctly use this information

Apwopo sijè sa a

Yon lòt non yo konn bay maladi kowonaviris 2019 se COVID-19. Se yon maladi viral ki enfekte poumon yo. Se yon viris yo rele kowonaviris ki mache ak SARS (SARS-CoV-2) ki lakòz li.


Leplisouvan, sentòm COVID-19 yo parèt kèk jou apre ou pran enfeksyon an. Sentòm yo ka pran plis tan toujou pou yo parèt kay kèk moun. Gen lòt moun ki pa janm gen sentòm enfeksyon an. Pitit ou ka gen tous, lafyèv, frison kote tout kò li ap tranble ak difikilte pou respire. Pitit ou ka fatige anpil, mis li yo ka fè l mal epi li ka gen yon tèt fè mal oswa yon malgòj. Kèk timoun gen lestomak deranje oswa dyare. Gen lòt moun ki pa gen pran sant oswa gou ankò. Tibebe yo ka gen difikilte pou yo manje. Kèk timoun ki gen COVID-19 vin gen kèk tach ki gen koulè wouj-vyolèt sou dwèt yo oswa sou zòtèy yo. Pitit ou ka pa sibi sentòm sa yo toutan, lèfini gen sentòm ki ka parèt oswa disparèt pandan peryòd li malad la.

Yon moun ki enfekte ka gaye viris la fasil atravè ti gout l ap voye lè l ap pale, estènen oswa touse. Yon moun ka bay lòt moun viris la lè l ap pale oswa chante toupre yo, lè l ap bay yo akolad, lè li pataje manje avèk yo oswa lè li bay yo lamèn. Doktè yo panse mikwòb yo rete an vi tou sou sifas tankou tab, pwaye pòt ak telefòn. Sepandan, nòmalman se pa konsa COVID-19 plis gaye. Doktè yo panse yon moun ka gaye enfeksyon an menm si li pa gen okenn sentòm, byenke yo pa konnen ki jan sa fèt. Se pou rezon sa a kenbe distans se youn nan pi bon fason moun yo ka anpeche viris la gaye.

Gen timoun ki gen COVID-19 san yo pa soufri twòp e fanmi yo ka pran swen yo lakay yo san yo pa gen kontak ak lòt moun jiskaske yo refè. Gen lòt moun ki ka bezwen entènè lopital si yo malad anpil. Gen kèk timoun ki gen yon enflamasyon nan tout kò yo. Yon timoun ki gen COVID-19 la dwe izole tèt li. Li ka kòmanse pwoche kot lòt moun lè doktè l la fè l konnen li ka fè sa san danje.


Image Filename

Lavaj men



Fwote pandan
20 segonn

Dezenfeksyon men



Ki swen y ap bezwen bay lakay?

- Mande doktè w ki sa w ap bezwen fè lè w retounen lakay ou. Pa ezite poze doktè a kesyon si l di kèk bagay ou pa fin konprann.
- Fè pitit ou bwè anpil dlo, ji oswa bouyon pou ranplase likid li pèdi yo akòz lafyèv la.
- Ou gendwa sèvi ak yon imidifikatè ki voye vapè frèt nan chanm pitit ou a pou soulaje nen bouche a ak tous la.
- Timoun ki pi gran yo ka sèvi ak de twa zorye pou kage kò yo yon ti jan pi wo lè yo kouche. Sa gendwa ede yo respire pi fasil e sa ka ede yo dòmi tou.
- Pa fimen bò kote pitit ou.
- Pou gen mwens chans pou gaye enfeksyon an bay lòt moun:
 - Timoun ki gen plis pase dez an yo ta dwe **mete yon kach-nen ki kouvri bouch li ak nen li si gen lòt moun bò kote li** ki pa malad. Kach-nen ki fèt an twa l yo pi efikas si yo fèt ak plizyè kouch twal.
 - Ede pitit ou lave men li souvan.
 - Fè pitit ou rete nan yon chanm apa lakay ou san l pa gen kontak ak lòt moun. Limite kantite moun k ap pran swen li. Soti ak pitit ou sèlman pou l jwenn swen medikal.
 - Fè pitit ou sevi ak yon saldeben apa si sa posib.
 - Bay pitit ou vesò, kiyè ak fouchèt, dra, sèvyèt ak aparèy elektwonik lòt moun pap itilize.
 - Siye bagay moun manyen souvan yo avèk yon dezenfektan. Kèk nan bagay sa yo se pwaye pòt, switch limyè, telekòmand, telefòn, klavye, sifas kote moun prepare manje ak tab.
 - Evite gen kontak ak ti bèt ki nan kay la.
 - Evite envite moun lakay ou.

Ki suivi y ap bezwen bay?

- Doktè w gendwa mande w mennen pitit ou nan biwo li pou l ka suiv eta li. Pinga w manke randevou sa yo. Veye pou ni ou menm ni pitit ou yo ki gen plis pase 2 an mete yon kach-nen lè n ale kay doktè.
- Si sa posib, fè pèsònèl medikal la konnen davans pitit ou gen COVID-19 pou yo ka pran plis prekosyon pou anpeche maladi a gaye. Yo gendwa mete w nan yon chanm apa oswa mande w tann nan machin ou jiskaske yo rele w.
- Pitit ou ka bezwen plizyè semèn pou sante li vin nòmal ankò.

Ki medikaman ki gendwa nesèsè?

Doktè a gendwa mande medikaman pou:

- Soulaje lafyèv la

- Ede w respire

Èske aktivite fizik yo ap vin limite?

Pitit ou ka gen pou l limite aktivite fizik li. Mande doktè a ki kantite aktivite ki bon pou pitit ou. Si COVID-19 te fè pitit ou malad anpil, li ka bezwen yon bon ti tan pou rejwenn tout fòs li.

Èske y ap bezwen bay lòt kalite swen?

Doktè yo pa konnen pou konbyen tan yon moun ka transmèt viris la bay lòt moun apre li tonbe malad. Se poutèt sa li enpòtan pou pitit ou rete nan yon chanm apa lè li malad, si sa posib. Pou kounye a, doktè yo bay kèk enstriksyon jeneral w ap gen pou suiv apre pitit ou te pran maladi a. Anvan pitit ou pwoche kot lòt moun, li ta dwe ranpli kondisyon sa yo:

- Pa gen lafyèv pou 3 jou san se pa medikaman pou bese lafyèv la li te pran
- Pa gen sentòm tous ni souf kout
- Tann omwen 10 jou apre premye sentòm yo te parèt oswa apre premye tès pozitif li, lèfini li pa gen sentòm jan sa endike pi wo a. Kèk ekspè rekòmande tann 14 jou.

Pafwa, doktè yo ap mande l jwenn rezilta negatif nan 2 tès COVID-19 ki pa t fèt nan menm jou a. Mete sou sa, doktè yo pa konnen si moun yo ka pran viris sa a ankò.

Ki pwoblèm ki gendwa parèt?

- Pèdi likid. Yo rele sa dezidratasyon.
- Domaj akoutèm oswa alontèm nan poumon yo
- Pwoblèm kè
- Lanmò

Ki sa w ka fè pou anpeche pwoblèm sante sa a rive?

- Mete yon kach-nen ki fèt an twal oswa yon lòt pwoteksyon pou figi a ki fèt ak plizyè kouch twal e ki kouvri bouch ou ak nen w si w gen plis pase dezan:
 - Lè ou pa lakay ou. Li pi bon pou w rete lakay ou toutotan sa posib. Soti pou al achte manje oswa medikaman sèlman. Si pitit ou oblije gen lòt moun toupre li, eseye fè l kenbe yon distans omwen 6 pye (1,8 mè) avèk yo.
 - Si w malad akòz COVID-19 la, lèfini ou oblije rete nan menm chanm ak lòt moun. Li pi bon pou w rete nan yon chanm apa pandan ou gen COVID-19 la
 - Lè w ap pran swen yon moun lakay ou ki gen COVID-19. Li ka bon tou si w mete gan.
 - Si w gen sentòm COVID-19, lèfini gen lòt moun bò kote w, li ta bon pou w rete nan yon chanm apa.
 - Si w gen anpil risk pou pran COVID-19 la, lèfini gen lòt moun bò kote w.

- Lave men w ak men pitit ou kou nou retire kach-nen an twal la oswa pwoteksyon pou figi nou an. Fè pitit ou sonje pou l pa manyen je li, nen li oswa bouch li lè li gen kach-nen li sou li. Sa enpòtan tou lè l ap retire kach-nen li.
- Manyen kach-nen yo nan ti elastik ki la pou tache yo sèlman. Lave yo kou w fin itilize yo oswa jete yo si w pa ka sèvi ak yo ankò.
- Ede pitit ou lave men li kòm sadwa. Lave men w **souvan** avèk dlo ak savon pandan omwen 20 segonn, sitou apre w fin touse oswa estènen. Dezenfektan pou men ki gen omwen 60 pousan alkòl ladan yo bon tou pou touye viris la. Fwote men yo avèk dezenfektan an pandan omwen 20 segonn.
- Evite kote ki chaje ak moun. Menm yo ti gwoup piti ka gen danje. Evite mennen l nan pak kote timoun yo konn jwe ni pa envite lòt timoun jwen avè l. Eseye rete lakay ou toutotan sa posib. Yon rasanbleman ki fèt deyò ka gen mwens danje pase yon rasanbleman ki fèt anndan.
- Si pitit ou oblije rete nan yon gwoup moun, aprann li kenbe distans sosyal la. Eseye kenbe yon distans omwen 6 pye (1,8 mètr) ak lòt moun. Evite bay moun lamèn, akolad oswa papach. Timoun yo ta dwe evite manyen figi yo e yo ta dwe lave men yo souvan.
- Aprann pitit ou fason pou l kouvri bouch li ak nen li avèk yon mouchwa lè l ap touse oswa estènen. Li ka touse nan koud li tou. Fè l jete mouchwa yo nan bwat fatra epi lave men li apre li fin sèvi ak yon mouchwa.

Ki lè mwen bezwen rele doktè a?

- Sentòm enfeksyon. Kèk ladan yo se lafyèb ki rive oswa ki depase 100,4°F (38°C), frison, tous, plis kracha oubyen chanjman nan koulè kracha a.
- Respirasyon an vin pi mal: li pi difisil oswa li pi rapid pase jan l te konn ye anvan an, oswa pitit ou jwenn mwens lè
- Difikilte pou respire lè li kouche sou do l
- Pitit ou oblije panche devan pou respire pi fasil lè li chita
- Pitit ou vin gen tach wouj-vyolèt sou dwèt li yo ak zòtèy li yo
- Tibebe w gen difikilte pou l manje
- Pwent dwèt yo, zong yo, po a oswa po bouch la chanje koulè

Repete sa w sot tande pou ede w konprann

Metòd refòmilyasyon an ap ede w konprann enfòmasyon nou ba w yo. Apre w fin pale ak pèsònèl medikal la, di yo sa w fèk tande nan pwòp mo pa w. Konsa pèsònèl medikal la pral konnen si yo te di w tout sa ki nesèsè yon fason ki klè. Li bon pou ou tou paske ou ka vin konprann pi byen yon seri bagay ki te gendwa pa klè. Anvan w al lakay ou, asire w ou kapab fè bagay sa yo:

- Mwen ka pale avè w sou pwoblèm sante pitit mwen an.
- Mwen ka di w ki sa ki gendwa fè pitit mwen respire pi byen.

- Mwen ka di w ki bagay mwen ka fè pou pa gaye enfeksyon an bay lòt moun.
- Mwen ka di w ki sa mwen pral fè si pitit mwen gen difikilte pou respire; si li gen dòmi nan je oswa twoublay; oubyen si pwent dwèt li yo, zong li yo, po li oswa po bouch li chanje koulè.

Itilizasyon ak dechaj responsablite konsènan enfòmasyon konsomatè yo:

Enfòmasyon sa yo pa reprezante okenn konsèy medikal an patikilye, epitou yo pa ranplase enfòmasyon ou jwenn nan men pwofesyonèl sante w la. Yo se sèlman yon ti rezime enfòmasyon jeneral. Se PA tout enfòmasyon ki egziste sou kondisyon, maladi, blese, tè, pwosedi, tretman, terapi, enstriksyon pou egzeyat yon pasyan oswa chwa konsènan mòd devè ki gendwa aplike nan sitiyasyon pa w. Ou dwe pale avèk pwofesyonèl sante w la pou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen sou sante w ak opsyon tretman ou genyen. Ou pa ta dwe itilize enfòmasyon sa yo pou deside si pou aksepte oswa si pou pa aksepte konsèy, enstriksyon oswa rekòmandasyon pwofesyonèl sante w la. Se sèl pwofesyonèl sante w la ki gen ase konesans ak fòmasyon pou ba w konsèy ki bon pou ou.

Last Updated 7/14/21



© 2021 UpToDate, Inc. and its affiliates and/or licensors. All rights reserved.